МИНИСТЕРСТВО ПРОСВЕЩЕНИЯ РОССИЙСКОЙ ФЕДЕРАЦИИ
Муниципальное Бюджетное Образовательное Учреждение
МБОУ "В- Дженгутайская СОШ"

| РАССМОТРЕНО | СОГЛАСОВАНО | УТВЕРЖДЕНО |
| --- | --- | --- |
| рук.ШМО | завуч УР | директор |
| ______МагомедоваУ.М. | _______Гаджиева А.Г. | ______Меджидова С.Г. |
| Приказ№1 | Приказ№1 | Приказ№1 |
| от «30» август 2024 г. | от «30» август 2024 г. | от «30» август 2024 г. |

# РАБОЧАЯ ПРОГРАММА

- Родной язык (ЧТЕНИЕ) - 2 класс
- УМК «Школа России»
- Авторы Х.С. Вакилов,
  Г.И. Мадиева




В- Дженгутай, 2023г

# Программаялъе баян

Программа хӀадур гьабулаго, кьочӀое росун руго Байбихьул школалъул лъайкьеялъул федералияб пачалихъияб стандарт[1], гьединго Тарбия кьеялъул мисалияб программаялъулъ[2] загьир гьарурал цӀикӀкӀараб кӀвараралъул мурадал ва масъалаби.

Адабияб цӀали байбихьул школалъул системаялда аслиял предметазул цояб ккола. Гьелъ рахьдал мацӀалда цӀалиялъул махщел ва тексталда тӀад хӀалтӀиялъул бажари лъугьинабула, художествияб литература цӀалиялде интерес бижизабула ва лъимералъе рухӀияб ва эстетикияб тарбия кьезе, гьесул гӀакълу цебетӀезабизе квербакъула. Гьединго литературияб цӀалиялъул курс тӀадегӀанаб даражаялда лъазабиялъ рес кьола байбихьул классазул цогидал предметазда лъикӀал хӀасилал рихьизаризе.

Байбихьул школалъул литературияб цӀалиялъул курс буссун буго гьал хадусел мурадал ва масъалаби тӀуразариялде:

– бичӀчӀун, битӀун, чвахун ва пасихӀго цӀализе гъваридго лъазаби;

– батӀи-батӀиял тайпабазул текстазда тӀад хӀалтӀизе бажаруледухъ, калам цебетӀезаби;

– тӀехьалдехун ва цӀалиялдехун бугеб интерес щулалъизаби;

– цӀалиялъул даража борхизаби ва, жалго жидедаго чӀун, асарал цӀалиялъулъги ъваригӀараб тӀехь тӀасабищиялъулъги хӀалбихьи букӀинаби;

– художествиябгин творчествоялъулаб ва нахъгӀунтӀиялъулаб пагьмуги, художествиял асарал цӀалулаго, чидае рекӀел асар загьир гьабизе бугеб бажариги цебетӀезаби;

– ргӀудехун берцинаб (эстетикияб) балагьи лъугьинаби ва художествияб асар бичӀчӀизе бажари;

– художествиял асараздалъун байбихьул классазул цӀалдохъабазулрухӀияб хӀалбихьи бечелъизаби;

– рухӀияб асаралъул ва гьудуллъиялъулги, жавабчилъиялъулги,лъикӀлъиялъулги, ритӀухълъиялъулги хӀакъалъулъ бичӀчӀиял куцай;

– ДагъистаналЪул ва цогидал миллатазул культураялъул адаб-хъатиргьабизе цӀалдохъаби куцай.

Байбихьул школалда предмет хӀисабалда литературияб цӀалиялълъимал цӀализариялъул гурелги, гьезие тарбия кьеялъулги масъалаби тӀурала.ЦӀалдохъабазул ригьалъе хасал, рухӀияб ва эстетикияб рахъалъ бечедал художествиял асараз цӀалдохъабазе кӀудияб асар гьабула, гьел асаразквербакъула миллияб ва киналго гӀадамазе, ай тӀолабго инсаниятальe
дандекколеб хасият куцазе.

Литературияб цӀалиялъул дарсазда аслияб куцалъ кӀвар кьола цӀализе бугеб бажари лъугьинабиялде ва лъималазул калам цебетӀезабиялде. ЦӀалдохъабаз гъваридго лъазабула бичӀчӀун ва пасихӀго цӀализе, жалго жидедаго чӀун, текстал цӀализе; гьел ругьунлъула тӀехьалъул хӀасил бичӀчӀизе ва гьелдаса сверухъ бугеб тӀабигӀаталъул хӀакъалъулъ щвараб лъай гӀатӀилъизабиялъе пайда босизе.

Литературияб курс лъазабулаго, цӀалдохъабазул хурхен гьабиялъулаб культураялъул (маданияталъул) даража борхула: гьезул лъугьуна монолог ва диалог гӀуцӀизеги, жиндирго пикру загьир гьабизеги, батӀи-батӀиял текстазда тӀад хӀалтӀизеги, жалго жидедаго чӀун, учебникалъул баян кьолебаппаратalдаса пайда босизеги, словаразулъ къваригӀараб информация балагьизеги бугеб бажари.

Литературияб цӀалиялъул дарсазда цӀалдохъан ругьунлъула битӀун, гьалатӀал риччачӀого, цӀализе. БитӀун, чвахун цӀализе бажарулеб лъимералъе гьоркьоса къотӀичӀого тӀахьал цӀализе рокьула, гьесда лъала текстал цӀалиялъул ва гьелгун хӀалтӀиялъул

къагIидаби, гьединго гьесда бажарула цIаларал асаразул хIасил бичIчIизе, живго жиндаго чIун, жиндие къваригIараб тIехь тIасабищизе ва гьелъие къимат кьезе.

Литературияб цIалиялъул курсалъ цIалдохъабазул художествиял асаралцIалиялде интерес бижизабула. ЦIалдохъаби ругьунлъула поэзиялъулабрагIул берцинлъи бичIчIизе, рагIул искусствоялъул сипат-сураталъе къимат кьезе.

Къокъго абуни, «Литературияб цIали» абураб предметалъ байбихьул классазда гIемерал, кIвар бугел масъалаби тIурала ва гьитIинаб лъимер гьоркьохъеб школалда лъикI цIалдезе хIадур гьабула.

## Курсалъул гIаммаб характеристика

ЦIалул дарсал гьарула тIоцебесеб классалдаса байбихьун (хIарпал малъулеб заман лъугIун хадуб), гьоркьоса къотIичIого, ункъабилеб класс лъугIизегIан. ЦIализе ругьун гьарулаго, мугъчIвай гьабула, тIоцебесебклассалда «Букварь» малъулаго, лъималазе щвараб лъаялдеги бажариялдеги.

ЦIалул курс гIуцIун буго магIарулазул, гIурусазул ва дагъистаналъул цогидал миллатазул хъвадарухъабазул ва шагIирзабазул художествиял асараздасан. Гьединго цIалул курсалъулъ кьун руго гIелмиялгин нахъгIунтIиялъулал асаралги. Художествиял ва гIелмиялгин нахъгIунтIиялъулал асарал дандекквеялъ квербакъула литературияб искусство жеги гъваридго бичIчIизе.

Программаялъ тIалаб гьабулеб буго 1 – 4 классазда щибаб цIалул дарсида битIун, чвахун, бичIчIун ва пасихIго цIалиялъул бажари камил гьабизе. Гьединаб бажари лъугьуна батIи-батIиял асарал, гьезул бутIаби гьоркьоса къотIичIого цIалиялдалъун.

**1-себ классалда** лъималазда лъазе ккола гIедегIичIого, бичIчIун ва битIун гIисинал текстал рагIабиккун цIализе. Гьелдаго цадахъ цIалулдарсазда цIикIкIараб кIвар кьола гьаркьал ритIун рахъиялде. ЦIалул хехлъи минуталда жаниб гIага-шагарго 20 – 25 рагIуде бахуна.

**2 - абилеб классалда** лъималаз гIисинал текстал рагIабиккун (захIматал рагIаби слогалккун) цIалула. ЦIалул хехлъи, I классалда дандеккун, цо минуталда жаниб 30 – 40 рагIуде бахуна.

**3 - абилеб классалда** текстал рагIабиккун ритIун, ричIчIун ва чвахунцIалула. ЦIалулаго, логикияб ударение лъезе, кколелъуб лъалхъи гьабизе,интонация цIунизе. ЦIалул хехлъи минуталда жаниб 50 – 60 рагIуде бахуна

**4 - абилеб классалда** киналго цIалдохъабаз хехго, ритIун, ричIчIун, рагIабиккун текстал цIалула. Слогалккун цIалиялъул магIна ккола цIалдохъаби цIалулъ нахъахутIи. ЦIалул хехлъи минуталда жаниб 70 – 80 рагIуде бахуна.

**ЦIализе малъиялда цадахъ программаялъ** кIвар буссинабуланакъиталъе гIахьаллъи гьабулев чиясда гIенеккизе, гьес бицараб жоялъуланализ гьабизе, гьелдаса аслияб, кIвар бугеб батIабахъизе, гьединго бицараб жо мухIкан гьабизе, суалал кьезе бугеб бажари лъугьинабиялде.

Программаялда кьураб материалалъ квербакъула гаргадизе (айжиндирго пикру загьир гьабизе, суалал лъезе ва гьезие жавабал кьезе, диалогалъулъ гIахьаллъизе, монолог гIуцIизе) бугеб бажари цебетIезабизеги. ЦIалдохъаби ругьунлъула жидеда цебе мурад лъезе, бицунеб жоялда хадуб халкквезе, гьелъие къимат кьезе, цогидазухъ сабурго гIенеккизе ва гь.ц.

Программаялда кIудияб кIвар кьола хъвазе бугеб бажари цебетIезабиялдеги. ЦIалул дарсазда цIалдохъаби ругьунлъула жидецаготекстал гIуцIизе, цIаларал хабариял, сипатиял

ва пикриял текстазул кьучӀалдаизложениял ва къокъал сочинениял хъвазе.

Программаялъул рекъон цӀалдохъабаз лъай-хъвай гьабула тексталда тӀад гьабулеб хӀалтӀул тайпабазулгунги. ЦӀалдохъаби ругьунлъула текст бутӀабазде биххизе, гьел бутӀабазда цӀарал лъезе, план гӀуцӀизе, цӀаларабтекст къокъго ва тӀубанго бицине, тексталъулъ аслияб пикру жидерго рагӀабаздалъун загьир гьабизе. ЦӀалдохъабазда лъала текстал хабариял, сипатиял ва пикриял рукӀин. Гьезда бажарула тексталъул хӀасилги бетӀерги цоцазда рухьизе, цӀалул, гӀелмиялгин нахъгӀунтӀиялъулал ва художествиял текстал ратӀарахъизе, гьезул бугеб кӀвар бихьизабизе.

Программаялъулъ хасаб бакӀ ккола художествияб асаралда тӀад гьабулеб хӀалтӀиялъ. Лъимал ругьунлъула художествиял ва нахъгӀунтӀиялъулал текстазулъ дунял бихьизабулел къагӀидаби цоцаздаса ратӀарахъизе (мугӀалимасул кумекалдалъун), художествиял ва гӀелмиялгин нахъгӀунтӀиялъулал текстазул хаслъаби ричӀчӀизе, жалго бетӀергьанал текстал гӀуцӀизе.

ЦӀалдохъаби ругьунлъула художествияб асар бичӀчӀизе ва гьелъие къимат кьезе, гьеб гӀелмиялгин нахъгӀунтӀиялъулал асараздаса батӀабахъизе. Гьезда лъала художествиял асаразул хаслъаби.

Программаялда кьураб материалалда рекъон лъималаз чара гьечӀогогьабизе ккола художествиял асаразул гӀадатияб анализ: цин цӀалдохъабазтекст тӀубанго лъазабула, цинги гьеб цӀалула ва гьелъул анализ гьабула, хадуб, художествиябгин эстетикияб къиматги кьун, байбихьи ва ахир, загьир гьабураб аслияб пикру тесталъул хӀасилалда ва цӀаралда дандеги ккун, цӀидасан гьеб тексталде кӀвар буссинабула.

Художествиял асаразул анализ гьабулаго, цӀалдохъабаз лъугьа- бахъиназул тартиб чӀезабула, героязулгун ва гьез гьарурал ишазулгун лъай- хъвай гьабула, жидергоги авторасулги герояздехун бугеб балагьи рагьула, цӀалараб жоялъул аслияб пикру загьир гьабула. Гьединаб анализалъ квербакъула моралиябгин рухӀияб бечелъи (ай гьудуллъи, адаб-хӀурмат, лъикӀлъи ва тӀалаб-агъаз гьаби щиб кколебали) бичӀчӀизе.

Программаялъулъ бугеб материалалъ сверухъ тӀабигӀаталдаги хӀайваназул хьвада-чӀвадиялдаги хадуб халкквеялда бухьараб бажаригицебетӀезабула.

Программаялда рихьизарун руго батӀи-батӀиял темаби ва гьезда тӀасан цӀализе кколел асарал. ЦӀалдохъабаз цӀализе кколел асаразда гъорлъе уна аваразул ва цогидал миллатазул рагӀул устарзабаз хъварал, лъималазул гӀумруялде гӀагарал, гӀисинал, художествиял ва гӀелмиялгин нахъгӀунтӀиялъулал асарал.

Программаялда рекъон лъималазда лъазе ккола литератураялъул киналго аслиял жанралги: маргьаби, кучӀдул, харбал, абиял, кицаби, бицанкӀаби, драмаялъулал асарал ва гь.ц.

Программаялда кьураб тематика байбихьул школалъул гӀелалъул лъималазде гӀагараб буго. Тематикаялъул хӀасилалъ сверухъ бугеб дунялалдехун интерес бижизабула, лъималазул кӀвар буссинабула жидерго гӀел бащададздехун ва цӀикӀкӀараздехун, тӀабигӀаталдехун, тарихалдехун, нилъер ватӀаналъул культураялдехун бугеб гьоркьоблъиялде, гьединго тематикаялъ рес кьола батӀи-батӀиял автораз цого цо тематикаялда тӀаса хъварал асарал дандекквезе. ЦӀализе кьураб тематикаялъ лъимералъулсверухъ дунял бичӀчӀизе бугеб интерес гӀатӀилъизабула, цӀализе бугеб махщел цӀикӀкӀинабула ва цӀалиялъул культура лъугьинабула. Гьелда тӀадеги, цӀализе кьурал асараз кӀудияб кумек гьабула лъималазе рухӀиябгин эстетикияб тарбия кьезе.

**Байбихьул школалда литературияб цӀалиялъе кинабниги кьун буго 117 сагӀат. ТӀоцебесеб классалда бихьизабун буго 15 сагӀат[3].**

**2 – 4 классазда 34 – 34 сагӀат кьун буго (щибаб классалда 34 цӀалул анкь,**

**анкьида жаниб 1 сагlат).**

Литературияб цlали хlалуцун ва гъваридго лъазабизе, щибаб лъай кьеялъул идараялъул ихтияр буго, цlалул планалъул кlиабилеб бутlаялдаса сагlталги росун, литературияб цlалиялъе бихьизабураб сагlтазул къадар цlикlкlинабизе.

## ЛИТЕРАТУРИЯБ ЦlАЛИЯЛЪУЛ КУРС ЛЪУГlУН ХАДУБ КЬОЛЕЛХlАСИЛАЛ

### Напсиял хlасилал

Байбихьул школа лъугlарал цlалдохъаби гьал хадусел напсиял хlасилазде щола.

**Гражданиябгун патриотикияб тарбия кьеялъул рахъалъан:**

– жиндирго Ватlаналде, Россиялъул ва Дагъистаналъул миллатазде вагъезул тарихалде кlудияб рокьи бижизаби;

– цогидал миллатазул маданияталдехун ва гьезул тарихалдехун, гьединго батlияб пикруялдехун цlуна-къараб балагьи бижизаби;

– Дагъистаналъул ва Россиялъул машгьурал рагlул устарзабазуласаразул анализ гьабулаго, жив цо кинаб бугони къавмалъул ва миллаталъул чи вукlин бичlчlи, жиндирго ва цогидал миллатазул маданияталъул ва гlадатазул адаб-хlурмат гьаби;

– инсан обществоялъул жамгlияб чи вукlиналъул, гьесул жавабчилъиялъул ва ихтияразул, хьвада-чlвадиялъул, рухlиябгин этикиял нормабазул, цоцазда гьоркьоблъи гьабиялъул къагlидабазул бищунго гlадатияб бичlчlи букlинаби.

**Рухlияб тарбия кьеялъул рахъалъан:**

– жинца гьарурал ишазул жавабчилъиги жибго жиндаго чlараб,цогиялда бухьинчlеб хасиятги цебетlезаби;

– щивасул диналде, социалияб статусалде, гьезул миллатаздебалагьичlого, гlадамазул цоцаздехун бугеб гьоркьоблъи, гьезул щивасул хаслъи бичlчlи; гьездехун рокьи, адаб-хlурмат загьир гьаби;

– батlи-батlияб ахlвал-хlалалъулъ художествиял асаразул героязул бахlарчиял яги ахlмакъал (тохал) ишазеги гьезул хьвада-чlвадиялъеги къиматкьезе бажари;

– цогидал гlадамазул сахлъиялъе зарар гьабулеб хьвада-чlвадиялде дандечlей.

**Эстетикияб тарбия кьеялъул рахъалъан:**

– художествияб культураялдехун, искусствоялъул батlи-батlиял тайпабаздехун, жиндирго ва цогидал халкъазул творчествоялдехун ва гlадатаздехун цlуна-къараб балагьи ва интерес бижизаби;

– художествияб литератураялъул ва фольклоралъул асаразе эстетикияб рахъалъ къимат кьезеги, гьел асарал цlализеги, цlалулеб заманалъ гьезухъ гlенеккизеги бугеб хlалбихьи букlинаби;

– лъиданиги цадахъ хlалтlизеги щулияб гьоркьоблъи гьабизеги бугеб бажари цебетlезаби; тlадкlалъай бугеб, дагlбадулаб ахlвал-хlалалдаса ворчlизе нух батиялъул бажари цебетlезаби.

**Сахлъи цlуниялъул тарбия кьеялъул рахъалъан:**

– хlинкъи гьечlеб, паракъатаб, чорхое (сахлъиялъе) пайдаяб гlумру гьабизе мурад лъей.

**Экологияб тарбия кьеялъул рахъалъан:**

– литературиял асаразулъ рихьизарурал хlайваназул ва инсанасул гьоркьоблъиялда хурхарал захlматал суалал ричlчlи; тlабигlаталдехун цlуна- къараб

балагьи букIинаби;

– тIабигIаталъе зарал гьабулеб хIалтIи гьабичIого тей.

ЗахIматалъул тарбия кьеялъул рахъалъан:

– обществоялъулъ ва гIадамазул гIумруялъулъ бугеб захIматалъул кIвар бичIчIи; хIалтIулъ рихьизарурал хIасилаздехун цIунакъараб балагьибукIинаби ва гьездаса пайда боси; батIи-батIияб махщалидехун интерес бижизаби ва батIи-батIияб хIалтIулъ гIахьаллъизе ругьунлъи;

– цогидал гIадамазе кумекалъе хIадурав, ният лъикIав, хIалхъублъигьечIев, гIадамазе лъикIлъи гьабулев инсан вахъинави;

– творческияб хIалтIуде гъира ккезаби, ай творческияб къагIидаялъхIалтIизе бугеб бажари цебетIезаби.

–

## Метапредметиял хIасилал

Предмет «Литературияб цIали» лъазабиялъул хIасилалда байбихьул школалда цIалдохъаби ругьунлъула нахъгIунтIиялъулал хIалтIаби гьаризе (Познавательные УУД).

Гьезда бажарула:

– тема, загьир гьабураб аслияб пикру, жанр хIисабалдеги босун, асарал дандекквезе; асаралдаги гьелъул авторалдаги гьоркьоб бухьен чIезабизе;

– жанраялъул кьучIалда асарал цолъизаризе;

– классификация гьабизе кIвар бугеб гIаламат чIезабизе; темабазде,жанразде ва тайпабазде асарал рикьун росизе;

– батIи-батIиял жанразул ва тайпабазул текстал бичIчIун цIализе, текстал кIалзул ва хъвавул формаялда гIуцIизе;

– сюжеталъул анализ гьабулаго, законалда дандекколел ва дандекколарел жал ратизе, сюжеталъулъ хвезабураб лъугьа-бахъиназул тартиб цIидасан гIуцIизе;

– предметал дандекквезе, гьезул анализ ва синтез гьабизе, гьелгIаммлъизаризе, тIелазде рикьизе ва цоцада релълъинаризе;

– мугIалимасул кумекалдалъун цIалиялда цере мурадал ва масъалаби лъезе ва гьел тIуразаризе;

– кьурал критериязул кьучIалда масъала тIубазабиялъул цо чанго вариант дандекквезе ва бищунго дандекколеб тIасабищизе;

– кьураб планалда рекъон лъазабулеб жоялъул хаслъи чIезабизе;

– цIех-рехалъул, дандекквеялъул, классификациялъул ва хIалбихьиялъул кьучIалда хIасилал гьаризе ва гьел хIужжабаздалъун щула гьаризе;

– информация щвеялъул источник тIасабищизе;

– кьураб тIадкъаялда рекъон тIехьалда къваригIараб информация балагьизе;

– живго жиндаго чIун яги мугIалимас рихьизарурал халгьабиялъул къагIидабаздалъун, хIакъикъиял ва хIакъал, якъинал гурел баянал лъазаризе;

– цIалул масъалаялда рекъон тексталъулаб информация гIуцIизе вагьелъул анализ гьабизе;

–информация кьезе живго жиндаго чIун схемаби, таблицаби гIуцIизе; Байбихьул школа лъугIулел цIалдохъаби ругьунлъула хурхен гьабиялъул хIалтIаби гьаризе (коммуникативные УУД).

Гьезда бажарула:

– накъиталъе гIахьаллъи гьабулев чиясухъ гIенеккизе, диалогалъулъгIахьаллъизе;

– къокъго ва мухIканго пикру бицине; гьудулзабигун гъорлъ восун, тIаде-гъоркье вачIун вукIунеб заманалъ рекIел асар загьир гьабизе;

– накъиталъе гIахьаллъи гьабулев чиясул гIадаб-хIурмат гьабизе, дагIбабугеб суалалда тIаса ццидахичIого, эркенго, гIодов виччан гара-чIвари гьабизе;

– батIи-батIиял пикраби рукIиналъе мукIурлъизе;

– цогидасул адаб гьабун, жиндирго пикру загьир гьабизе, гьелъие далил бачине;

– цебе лъураб масъалаялда рекъон пикру загьир гьабизе;

– сипатиял, пикриял ва хабариял текстал гIуцIизе;

– гIадамазда цеве вахъине, кIудиял гурел текстал хIадур гьаризе;

– цевеги вахъун кIалъазе хIадурараб тексталъе батIи-батIиял суратал тIасарищизе.

Байбихьул школа лъугIулел цIалдохъабазул лъугьуна гьабулеб цIалинизамалде ккезабизе бугеб бажариги (регулятивные УУД).

Гьезда бажарула:

– цебе лъураб масъалаялда рекъон цIалиялда хурхарал хIалтIаби планалда росизе, гьезда хадуб хелккевезе ва гьезие къимат кьезе;

– цIалулъ жиндирго лъикIал яги квешал хIасилал рихьизе;

– цебе лъураб мурад тIубаялъе гIоло цадахъ хIалтIизе.

## Предметиял хIасилал 2класс

– мугIалимас бицараб жоялъул ва тIехьалдаса цIалараб тексталъул магIна босизе; хIасилалда тIаса кьурал суалазе къокъго жавабал кьезе;

– фольклоралъул (бицардаби, халкъиял кучIдул, кицаби ва абиял, биценкIаби, хIайваназул, рукIа-рахъиналъул, гIажаибал маргьаби) валитературиял асаразул (литературиял маргьаби, харбал, кучIдул, басняби)жанрал цоцаздаса ратIарахъизе, гьел абизе;

– тексталъул гIадатаб анализ гьабизе (текстальул тема баян гьабизе, гьелъул аслияб пикру загьир гьабизе, текстальулъ лъугьа-бахъиназул тартиб ракIалда чIезабизе, текстальул план гIуцIизе (мугIалимасул кумекалдалъун);

– героязул гIамал-хасият бихьизабизе, гьезул ишазе ва рагIабазе битIараб къимат кьезе;

– герояздехун, гьез гьабулеб ишаздехун авторасул бугеб бербалагьи бихьизабизе;

– магIна гIагарал рагIаби дандекквезе; рагIул магIна баян гьабизе, цо- цо рагIул гIемер магIна букIин лъазе; мугIалимасул кумекалдалъун текстальулъ героязул, тIабигIаталъул, лъугьа-бахъиналъул хIакъалъулъ бицунел рагIаби ва предложениял рихьизаризе;

– словаралдаса пайдаги босун, лъалареб рагIул магIна баян гьабизе, текстальулъ хIалтIизарулел битIараб ва хъвалсараб магIнаялъул рагIаби ратизе;

– текстальул анализалъе автор, литературияв герой, тема, идея, асаралъул хIасил, асаралъул цIар, дандекквей, эпитет гIадал теориялъул бичIчIиялдаса пайда босизе;

– гIенеккараб яги цIалараб асаралда тIаса гьабураб гара-чIвариялъулъ гIахьаллъизе.

– героясул рахъалдаса мухIканго асаралъул хIасил цIидасан бицине;

– кьураб темаялда тIаса жиндирго пикру загьир гьабизе;

– цIалараб асаралъул хIасилалда релълъарал кIудиял гурел маргьаби, харбал ва биценкIаби ургъизе;

| № п/п | Тема урока | Кол-во часов | Дата | Стр | Наглядность | Теория | Д/З |
|---|---|---|---|---|---|---|---|
| 1 | М.Умаров «Научи мама родному языку» | 1 | 01.09 | 4 | книга | Анализ текста | выразительно читать |
| 1.1 | «Малъе, эбел, рахьдал мац1!» М. Г1умаров. | | | | | | |
| 2 | «На каникулах» | 1 | 08.09 | 6 | книга | Анализ текста | пересказать |
| 2.2 | Каникулазда | | | | | | |
| 3 | А. Хачалов «Цветы» | 1 | 15.09 | 7-8 | | | Выразительно читать |
| 3.3 | Т1угьдул. Г1. Хачалов | | | | | | |
| 4 | П. Муртазалиева «Виновато дерево » | 1 | 22.09 | 8-9 | книга | Анализ текста | пересказать |
| 4.4 | «Г1айиб ккараб гъвет1» П. Муртазг1алиева. | | | | | | |
| 5 | Дождь | 1 | 29.09 | 9 | книга | Анализ текста | наизусть |
| 5.5 | Ц1ад. | | | | | | |
| 6 | Один день летом | 1 | 06.10 | 10 | книга | Анализ текста | пересказать |
| 6.1 | «Цо къоялъ риидал». | | | | | | |
| Золотая Осень | | | | | | | |

| | | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|---|
| 7 | З. Гаджиев «Осень» | 1 | 13.10 | 10 | книга | Анализ текста | наизусть |
| 7.1 | «Хасалихълъи». З.Х1ажиев | | | | | | |
| 8 | К. Расулов «Маленький пастух» | 1 | 20.10 | 23-24 | книга | Анализ текста | пересказать |
| 8.1 | Гьит1инав вехь. К. Расулов. | | | | | | |
| 9 | Гусь и лиса | 1 | 27.10 | 26-27 | книга | Анализ текста | читать |
| 9.1 | Хъазги церги. | | | | | | |
| 10 | В. Бианки «Музыкант» | 1 | 10.11 | 30-32 | книга | Анализ текста | пересказать |
| 10.1 | Музыкант. В. Бианки. | | | | | | |
| 11 | А. Магомед «Хлеб» | 1 | 17.11 | 35 | книга | Анализ стихотворения | пересказать |
| 11.1 | Чед. Г1.Мух1амадица буссинабуна | | | | | | |
| 12 | Г. Газимирзаев « Не бросай хлеб»» | 1 | 24.11 | 36-37 | книга | Анализ текста | наизусть |
| 12.1 | Воре, чед г1одобе рехуге. | | | | | | |
| 13 | Г. Гаджиев «Гаджи хороший человек» | 1 | 01.12 | 45-46 | книга | Анализ текста | пересказать |
| 13.1 | Х1ажи вук1ине ккола лъик1ав чи. | | | | | | |

| | | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|---|
| **Жизнь детей** | | | | | | | |
| 14 | Г.Цадаса «Ученик» | 1 | 08.12 | 51-52 | книга | Анализ стихотворения | наизусть |
| 14.1 | Ц1алдохъан Ц1. Х1амзат. | | | | | | |
| 15 | З. Батырова «Геройство» | 1 | 15.12 | 52-53 | книга | Анализ текста | Пересказать |
| 15.1 | Бах1арчияб иш. | | | | | | |
| 16 | М. Сулейманов «Путишествие» | 1 | 22.12 | 55-57 | книга | Анализ текста | Пересказать |
| 16.1 | Сапар. М. Сулиманов. | | | | | | |
| 17 | Ш.Кадиева «Мурад не трус» | 1 | 29.12 | 61-63 | книга | Анализ текста | Пересказать |
| 17.1 | Мурад х1инкъуч гуро. Ш. Къадиева. | | | | | | |
| 18 | З.Гаджиев «Новый год» | 1 | 12.01 | 63 | книга | Анализ текста | Наизусть |
| 18.1 | Ц1ияб сон. З. Х1ажиев. | | | | | | |
| **Зима** | | | | | | | |
| 19 | М.Магомедов «Зимний ветер» | 1 | 19.01 | 69 | книга | Анализ текста | Пересказать |
| 19.1 | Хасалил гьури. М. Мух1амадов. | | | | | | |
| **Семья и школа** | | | | | | | |
| 20 | Г. | 1 | 26.01 | 85 | книга | Анализ | Пересказать |

| | | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|---|
| | Газимирзаев «Савдат-санитарка» | | | | | текста | |
| 20.1 | Савдат-санитарка. Х1. Гъазимирзоев. | | | | | | |
| 21 | М. Шамхалов «Вот я вырос» | 1 | 02.02 | 92-94 | книга | Анализ текста | Пересказать |
| 21.1 | Гьале дун к1удияв г1ун вуго. М. Шамхалов. | | | | | | |
| Устное народное творчество | | | | | | | |
| 22 | Пословицы и поговорки | 1 | 09.02 | 98 | книга | Анализ текста | |
| 22.1 | Бицанк1аби. Кицаби. | | | | | | |
| 23 | Умная девочка и король | 1 | 16.02 | 104-106 | книга | Анализ текста | |
| 23.1 | Х1анч1ил г1акълу. | | | | | | |
| 24 | 8 Март | 1 | 02..03 | 110 | книга | Анализ текста | |
| 24.1 | 8 Марта. Эбелги лъималги. | | | | | | |
| 25 | К. Расулов «Один за всех все за одного» | 1 | 09.03 | 113-115 | книга | Анализ текста | |
| 25.1 | Цояв киназего г1оло, | | | | | | |

| | | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|---|
| | киналго цоясе г1оло. | | | | | | |
| **Красивая природа весной** | | | | | | | |
| 26 | Н. Исаев «Весна» | 1 | 16.03 | 123 | книга | Анализ текста | |
| 26.1 | Их бач1ана. Их. Н.Г1исаев. | | | | | | |
| 27 | Ф. Алиева «Странное дерево» | 1 | 06.04 | 127-129 | книга | Анализ текста | |
| 27.1 | Г1ажаибаб гъвет1. Ф. Г1алиева. | | | | | | |
| 28 | Л. Федоров «Приметы весны» | 1 | 13..04 | 130-131 | книга | Анализ текста | |
| 28.1 | Ихдалил г1аламатал. Л. Федоров. | | | | | | |
| **Наша Родина** | | | | | | | |
| 29 | Р.Гамзатов «Дагестан» | 1 | 20.04 | 133-134 | книга | Анализ текста | |
| 29.1 | Ват1ан. Ц1. Х1амзат. Дагъистан. | | | | | | |
| 30 | День победы | 1 | 27.04 | 137-138 | книга | Анализ текста | |
| 30.1 | «Бергьенлъи ялъул къо». | | | | | | |
| 31 | Л. Кассиль «Памятник солдату» | 1 | 04.05 | 140-142 | книга | Анализ текста | |
| 31.1 | «Совет | | | | | | |

| | | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|---|
| | солдатасе памятник». Лев Кассиль. | | | | | | |
| 32 | Г.Цадаса «Дружба народов» | 1 | 11.05 | 147 | книга | Анализ текста | |
| 32.1 | «Халкъалъул гьудуллъи». Ц1. Хамзат. | | | | | | |
| | **Село** | | | | | | |
| 33 | Н. Абигасанов «Горное село» | 1 | 18.05 | 152 | книга | Анализ стихотворени я | Читать выразительн о |
| 33.1 | «Маг1арул росу». Н. Абих1асанов | | | | | | |
| 34 | З. Гаджиев «Хорошая работа» | 1 | 25.05 | 153-154 | книга | Анализ текста | пересказать |
| 34.1 | «Лъик1аб х1алт1и». | | | | | | |